

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Istilah *métode* asalna tina kecap *methods* (basa Latin), nu hartina tarékah, stratégi, atawa *siasat* maham *realitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (*kausalitas*). Fungsi *métode* nya éta pikeun ngungkulan pasualan dina hiji panalungtikan (Ratna, 2012, kc.34). Dina enas-enasna mah, *métode* téh minangka léngkah ngahontal hiji udagan pikeun nyangking kagemblengan hasil dina panalungtikan. Ku lantaran kitu, unggal panalungtikan salawasna baris merlukeun *métode* anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal.

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan mangrupa prosés sistematis néangan hiji hal kalayan ngagunakeun *métode* ilmiah jeung aturan nu lumaku sangkan ngahasilkeun panalungtikan alus. Pikeun bisa ngahasilkeun panalungtikan alus, desain panalungtikan diperelukeun pikeun ngarojong sarta ngahasilkeun panalungtikan anu leuwih sistematis. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 129) desain panalungtikan nya éta rencana anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab.


Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kualitatif dina ulikan struktur carpon sarta aspek sosial pangarang sajeroning nulis karyana. Pamarekan kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data deskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan ti manusa anu dititénan. Ieu pamarekan diarahkeun kana kasang tukang individu sacara hiolistis (gembleng) (Moleong, dina Arikunto, 2010, kc.22).

Desain panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti tatahar anu ngawengku ngaidéntifikasi masalah jeung ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data nu

Daniel Taufiq Abdullah, 2017
STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

ngawengku talaah pustaka, idéntifikasi jeung wawancara, tuluy ngolah data tina data anu geus disadiakeun sarta dianalisis, sanggeus dianalisis éta data téh dipidangkeun, nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Galur ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta eusi carita nu aya dina kumpulan carpon *Carita lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana, sarta aspek sosial pangarang dina kahirupan sapopoena. Arikunto (2010, kc.172) nyebutkeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengu tilu rupa nya éta jalma (*person*), tempat (*place*) jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) Tempat (*place*) nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeng gerak mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*) nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

3.2.1 Identitas Buku Kumpulan Carpon Carita Lain Caritakeuneun



Gambar 3.2 Cover Kumpulan Carpon *Carita Lain Caritakeuneun*

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* medal taun 2013, kalawan pamedal CV. Geger Sunten (Jl. Dr. Setiabudi No. 228 Bandung 40143). Kandalna 112 kaca nu ngawengku 12 judul carpon nya éta: 1) *Ciricit Beurit*, 2) *Indung jeung Anak*, 3) *Korsi Goyang*, 4) *Nini Rumi*, 5) *Sihung Bulan*, 6) *Purnama Peuting Katiga*, 7) *Carita lain Caritakeuneun*, 8) *Carita Can Kacaritakeun*, 9) *Carita Caria*, 10) *Gog Gog Gog*, 11) *Hah Héh Hoh*, 12) *Sakeureut Bueungeut Hujan*.

3.2.2 Biografi Toni Lesmana

Toni Lesmana medal di Sumedang 25 November 1976. Taun 1985 – 1990 sakola di SD Negeri Karangmulya Sumedang, saterusna neruskeun sakola ka SMP Negeri 1 Sumedang taun 1990 nepi ka taun 1992. Dina taun 1995 namatkeun sakola ti SMA Negeri 1 Sumedang. Saterusna neruskeun ka paguron luhur di Universitas Winayamukti (D-3 Fakultas Ekonomi) lulus taun 2002. Kiwari, Toni Lesmana dumuk di Lingkungan Kedungpanjang No.88 RT.03 RW.02 Kelurahan Malébé, Kecamatan Ciamis, Kabupaten Ciamis.

Toni Lesmana remen nulis sajak jeung prosa dina basa Sunda jeung basa Indonesia, essay, naskah drama, sarta nulis skenario film dina basa Sunda jeung basa Indonesia. Karya-karyana sering dimuat dina koran lokal jeung nasional diantaranya *Manglé*, *Galura*, *Pikiran Rakyat*, *Tempo*, *Tribun Jabar*, *Suara Merdeka* jeung *Kompas*. Karyana sababaraha kali meunang penghargaan LBSS tahun 2006, 2008, 2009 jeung 2010. Dina taun 2011 salah sahiji sajakna dimuat dina kumpulan sajak *Buku Tuah Tara No Ate, Bunga Rampai Cerpen dan Puisi Temu Sastrawan Indonesia ke 4* (Penerbit UMMU Press). Taun 2012 nerbitkeun buku kumpulan carpon, *Jam Malam Kota Merah* (Penerbit Ampermedia). Taun 2012 salasahiji carponna jadi pinilih *Cerpen Pilihan Kompas* saterusna dina taun anu sarua, karyana dibukukeun dina kumpulan carpon *Dari shalawat Dedaunan Hingga Kunang-Kunang di Langit Jakarta* (Penerbit Kompas). Taun 2013 medalkeun buku kumpulan carpon Sunda *Carita Lain Caritakeuneun* (Penerbit Gegersunten, Bandung). Sedengkeun dina taun 2015 medalkeun sababaraha karya diantaranya, buku kumpulan carpon *Kepala-Kepala di Pekarangan* (Penerbit Gombang, Jogja), kumpulan sajak *Karinding Pananjung* (Penerbit Akarpohon,

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Surabaya), carpon anu judulna *Citangis Ratri* pinunjul ka-1 lomba *Kritik Sosial* dina wangun capon basa Sunda (Fakultas IPS Universitas Pendidikan Bandung). Taun 2016 medalkeun kumpulan sajak *Tamasya Cikaracak* (Penerbit Basabasi, Jogjakarta), saterusna dina taun éta kénéh dilélér Hadiah Sastra Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) kategori sajak.

Salian tina nulis sajak jeung carpon kagiatanna dina widang sastra diantarana, kapilih jadi pamilon *Temu Sastrawan Nusantara Madya Praja Utama* (MPU) 2009, Di Solo. Diundang maca sajak dina acara *Sastra Indonesia Hari ini: Jawa Barat*, ku Komunitas Salihara, Jakarta, taun 2010. Pamilon *Temu Sastrawan Nusantara Madya Praja Utama* (MPU) di Lampung, taun 2010. Pamilon *Temu Sastrawan Indonesia IV* di Ternate, taun 2011. Jadi pamilon *Pertemuan Penyair Nusantara VI*, di Jambi, taun 2013. Kaasup salah sahiji pamilon dina *Temu Penyair Jawa Barat*, Bandung, taun 2013.

Dina widang atikan sastra ogé, sababaraha kali Toni Lesmana kungsi jadi pemateri diantarana, pemateri *Workshop Dramatisasi Cerpen untuk Siswa SMA* ku Balai Bahasa Jawa Barat, taun 2013. Saterusna kungsi jadi pemateri *Menulis Cerpen untuk Siswa dan Guru*, ku Balai Bahasa Jawa Barat, taun 2014. Lian ti éta kungsi oge jadi pemateri dina acara *Pestival Sastra*, Jogjakarta, taun 2017.

3.3 Tehnik Ngumpulkeun data

Dina ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik studi pustaka, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun waktu ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber tiori nu ngarojong kana panalungtikan. Data kepastakaan anu digunakeun nya éta buku utama, jurnal ilmiah, koran, jeung internet.

2) Téhnik Wawancara

Wawancara (*interview*) mangrupa cara anu dipaké pikeun nyangking data ku cara paadu teuteup sarta ngayakeun tanya jawab, boh antara individu jeung individu, boh individu jeung kelompok Ratna (2010, kc. 222). Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik wawancara nya éta wawancara langsung ka pangarang kumpulan carpon *Carita lain Caritakeuneun*. Téhnik wawancara dipaké dina maluruh kahirupan Toni Lesmana pikeun ngadeudeulan data panalungtikan.

3) Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi bisa mangrupa dokumén tinulis, gambar, jeung rekaman sora. Dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa bukti yén panalungtik ngalaksanakeun wawancara ka pangarang.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sacara cermat, lengkep, sistematis sangkan hasilna leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 203). Instrumén panalungtikan miboga fungsi piken ngumpulkeun data sacara sistematis. Lantaran dina ieu panalungtikan digunakeun métode deskriptif analisis, instrumen anu diperlukeun nya éta pedoman analisis jeung kartu data. Pedoman analisis gunana minangka tatapakan dina proses analisis jeng deskripsi data, sedengkeun kartu data digunakeun pikeu ngumpulkeun data anu aya dina sumber data. Pedoman analisis jeung kartu data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

1) Padoman Analisis Teks Carpon

Aya dua padoman analisis téks anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta pedoman analisis struktur (unsur intrinsik) sarta pedoman analisis sosiologi pangarang.

Tabel 3.1 Format Padoman Analisis Struktur

No	Judul Carpon	Hasil Analisis Struktural		
		Téma	Fakta Carita	Sarana carita

2) Padoman Wawancara

Padoman wawancara nya éta pedoman nu dipaké pikeun nungtun panalungtik dina ngawawancara narasumber sangkan lumangsung kalawan lancar. Pedoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa sajumlahing patalékan nu nyoko kana kahirupan pangarang sajeroning nulis karyana.

3) Alat Rékam & Kamera

Alat rékam jeung kaméra dipaké pikeun ngarékam jeung ngadokumentasikeun lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data, nya éta ngawawancara Toni lesmana salaku pangarang buku kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* Ieu hal dilaksanakeun sangkan data anu dicangking téh akurat sarta mangrupa bukti data panalungtikan.

4) Kartu Data

Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngolah data. Kartu data diperelukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sangkan leuwih kadokumentasikeun kalayan sistematis. Data nu geus kakumpul tuluy dipindahkeun pikeun dianalisis. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun luyu jeung rumusan sarta tujuan anu rék dihontal.

Tabél 3.4 Kartu Data Struktur Carita Pondok

CUTATAN DATA	(Judul Carpon/ Kaca/ baris)
STRUKTUR CARPON	
Struktur Carita :	
1. Tema	
2. Fakta carita (galur, palaku, latar)	
3. Sarana Sastra (judul, puseur sawangan gaya basa, nada jeung tone, simbol, ironi)	

Daniel Tauf

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Tabél 3.5 Kartu Data Aspek Réalita Sosial Pangarang dina Carpon

<p>CUTATAN DATA SOSIOLOGI PANGARANG</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Kasang tukang sosial budaya pangarang 2. Pakasaban salaku dasar ekonomi pangarang 3. Idéologi sosial pangarang 4. Status sosial pangarang dina masyarakat 	<p>(Judul Carpon/Kaca/Baris)</p>
---	----------------------------------

3.5 Téhnik Nganalisis Data

Arikunto (2010, kc. 278) nétélakeun yén gurat badagna dina nganalisis data téh ngawengku tilu léngkah dasar nya éta tatahar, tabulasi jeung ngaplikasikeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina nganalisis data nya éta:

- 1) maca karya sastra pikeun maluruh pasualan anu ngawengku struktur karya sarta aspék sosiologis dina buku kumpulan carpon *Carita lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana;
- 2) léngkah satuluyna nya éta nganalisis carpon dumasar kana struktur carita, sarta kajian sosiologi sastra: sosiologi pangarang, saluareun karya sastra;
- 3) milih jeung masing-masing carpon mana anu luyu dipaké jeung anu henteu pikeun pangajaran aprésiasi sastra di sakola; sarta
- 4) méré gambaran anu gembleng jeung kacindekan sabada réngséna tahap analisis data.

Tabel 3.6 Kisi-kisi Wawancara Pangarang

No	Aspek Sosiologi Pangarang	Patalékan Wawancara	Jawaban
1.	Status sosial pangarang	1. Kumaha lalampahan hirup sadérék dugi ka kiwari jadi pangarang? 2. Naha jadi pangarang mangrupa cita-cita Sadérék ti kawit rumaja?	
2.	Kasang tukang sosial budaya pangarang	3. Saha baé pangarang anu mangaruhan gaya nulis sadérék?	
3.	Pakasaban saluareun jadi sastrawan	4. Naon pakasaban Sadérék sagigireun nulis karya sastra? 5. Kumaha sadérék ngabagi waktu antara nulis jeung pakasaban séjén saluareun nulis? 6. Naon anu ngalantarankeun Sadérék milih Geger Sunten salaku pamedal buku kumpulan ieu carpon? 7. Kumaha Sadérék ngabagi waktu antara nulis jeung aktivitas séjén?	

No	Aspek Sosiologi Pangarang	Patalékan Wawancara	Jawaban
4.	Idéologi sosial pangarang	8. Dumasar hal naon Sadérék meunang gagasan nyieun palaku sarta karakter dina ieu kumpulan carita pondok ? 9. Naon anu ngalantarankeun salah sahiji carpon anu judulna <i>Carita Lain Caritakeuneun</i> jadi judul buku kumpulan ieu carpon? 10. Lolobana carpon nu ditulis eusina ngeunaan kritik sosial, gagasan naon baé nu rék ditepikeun ku Sadérék ngaliwatan ieu kumpulan carpon? 11. Palaku dina unggal carita dina kumpulan carpon <i>Carita Lain Caritakeuneun</i> saenyana diciptakeun pikeun carita anu ditulis atawa eksis dina kahirupan Sadérék?	
5.	Kalungguhan Pangarang di masarakat	12. Aktivitas naon bae anu dilakonan boh dina organisasi, komunitas atawa peran langsung dina kagiatan hirup kumbuh di masyarakat?	
6	Profesionalisme pangarang dina nulis karya.	13. Sabaraha lila waktu anu diperelukeun dina nulis carita pondok? 14. Kumaha tahapan nulis carpon ti kawit panalungtikan, proses nulis nepi ka proses ngédit? 15. Naon baé halangan sarta pasualan nu kaalaman ku Sadérék sajeroning prosés kréatif dina nulis karya? 16. Naon anu dipikaresep ku Sadérék, nulis carita pondok atawa nulis sajak? Naon baé alaesana? 17. Naon baé rencana Sadérék salajengna dina proses nulis karya?	

No	Aspek Sosiologi Pangarang	Patalékan Wawancara	Jawaban
7.	Masarakat pamaca nu jadi tujuan pangarang	18. Ditujukeun Pikeun tingkatan masarakat anu mana ieu kumpulan carpon ditulis téh? 19. Naon baé harepan sadérék pikeun pamaca karya-karya Sadérék?	